# Kreye yon Demann Kontra Enskripsyon pou FY25 pou MSAS nan Eleyo

1. Eskane QR kòd la oswa klike sou lyen ki anba a.
   https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/

SCAN ME

2. Nan paj Akèy la, chwazi *Middle School Afterschool*




3. Anba *Middle School - Afterschool Program (Pwogram Apre Lekol)*, desann, chwazi lekòl pitit ou a



4. Si ou genyen yon kont Eleyo ki deja egziste, tanpri sèvi avèk imel ou ak modpas ou pou w konekte. Si ou fenk antre nan Eleyo, tanpri chwazi *Create one now* (Kreye youn kounye a) pou kreye pwofil ou a. Yo pral mande w ajoute enfòmasyon pitit ou pita nan pwosesis la.




5. Li pral mennen w apre sa a nan pwosesis enskripsyon nan Pwogram Apre Lekòl. Si w genyen yon Kontra ki deja egziste nan Eleyo, chwazi timoun nan. Si pitit ou a pa nan lis la, klike sou *Add New Child* (gade imaj nan paj annapre a).




6. Yon fwa ou fin chwazi pitit ou a, klike sou *Looks Good. Start Registering.*



7. W ap bezwen ranpli Enfòmasyon sou Timoun nan, Kontak pou ka Ijans/ Moun ki Otorize pou vin Chache timoun nan, Adrès (kote pitit ou a pral patisipe nan *afterschool*), Kondisyon, Orè, Kesyon ak Enfòmasyon Finansye.

8. Ou pral resevwa yon imèl ki di ou te soumèt Demann Kontra w la epi l ap tann apwobasyon estaf la epi yo pral revize yo nan lòd yo te resevwa yo. Yon fwa yo apwouve kontra w la, w ap resevwa yon imèl ki konfime demann kontra w la.

9. Yon fwa ou fin ranpli pwosesis enskripsyon an atravè Eleyo epi w fin peye frè enskripsyon an, kapab genyen lòt fòm oswa dokiman direktè (tris) *afterschoo*l lokal ou a te mande w. Yo pral ba w yon kopi manyèl paran. Lè ou fin ranpli pwosesis enskripsyon an, lè w peye frè enskripsyon an, kontra a apwouve epi yo resevwa tout fòm/dokiman ki aplikab yo,

**<u>Peman davans pou Afterschool</u>**

Yon fwa ou gen yon kontra apre lekòl ki apwouve epi ou ta renmen kòmanse fè peman w ap bezwen tounen konekte nan Eleyo.
https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/
ansuit klike *Explore All Programs* (Eksplore Tout Pwogram yo). Kontra Afterschool ou a ap parèt.




Si w ta renmen kòmanse fè peman pou *afterschool*, klike sou # kont ou a, Pwogram apre lekòl, ak non pitit ou a.

Ou kapab fè peman pou afterschool alavans. Malgre Dènye Fakti a kapab montre kont ou aktyèl, rezon ki fè sa a se paske fakti ou yo pou *afterschoo*l FY24 yo poko antre.




Pou fè yon peman tou senpleman klike sou *$ Pay*. Ekri kantite lajan ou vle peye a. Si gen nenpòt kòmantè ki nesesè, tanpri endike sa nan Nòt Peman yo epi klike sou *Add to Cart*. Pou konplete tranzaksyon w la, klike sou *shopping cart* (bouton charyo) ki anlè a dwat la epi klike sou *check out*. Swiv enstriksyon yo pou konplete tranzaksyon an.



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –August 2024 – CY24-1209